

Prezidan Dieter F. Uchtdorf
Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan



Chèche Kris la pandan Nwèl

Pou tout moun ki anvi konprann kiyès nou ye kòm manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, mwen ta renmen ofri yon pwèn depa ki defini avèk twa mo sa yo: Nou chèche Kris la.

Nou chèche aprann konsènan Li. Pou suiv Li. Pou vin pi plis tankou L.

Chak jou pandan ane a, nou chèche L. Men spesyalman nan epòk sa a nan ane a—Nwèl, lè nou selebre nesans Sovè byeneme nou an—kè nou vin pi encline vè Li menm.

Kòm yon pati nan preparasyon nou pou selebre Nwèl la, ann konsidere kijan moun ki te viv sa gen demilan yo te pare pou yo te akeyi vini Sovè a.

Bèje yo

Nou pa konnen anpil konsènan bèje yo, sèlman ke yo t ap “pase nwit la deyò ap veye mouton yo.”¹ Gen anpil chans ke bèje yo sete moun òdinè, tankou anpil bon moun k ap pase jounen yo ap chèche lavi.

Yo ta kapab reprezante moun ki, nan yon sèten moman, petèt pa t ap chèche Kris la aktivman, men kè yo te chanje lè syèl la te ouvri epi yo te pwoklame yo Kris la.

Se yo menm ki, apre yo te tande vwa mesajè selès yo, te ale Bètleyèm imedyatman pou yo te wè.²

Wa Maj yo

Wa Maj yo se te save ki t ap etidye avènman Mesi a, Pitit Gason Bondye a. Atravè konesans yo, yo te idantifye siy ki

te montre nesans Li yo. Lè yo te idantifye yo, yo te kite kay yo epi yo te vwayaje al Jerizalèm, ap mande, “Kote Wa Jwif ki fenk fèt la?”³

Konesans yo de Kris la pa t rete akademik sèlman. Kote yo te fin wè siy nesans Li, yo te aji. Yo te met deyò pou yo al chèche Kris la.

Wa Maj yo kapab reprezante sila yo k ap chèche Kris la atravè konesans ak etid akademik yo. Devosyon yo pou verite a fini pa mennen yo al jwenn Kris la epi adore Li kòm Wa dè wa, Sovè limanite a.⁴

Simeyon ak Ana

Simeyon ak Ana kapab reprezante sila yo k ap chèche Kris la atravè Lespri a. Moun mèveye sa yo te relijye anpil epitou, atravè jèn ak lapriyè epi paske yo te mennen lavi devosyon ak obeyisans, yo te tann avèk enpasyans pou yo te wè jou sa a ki se vini Pitit Gason Bondye a.

Atravè fidelite, imilite, ak lafwa, yo te tann avèk pasyans pou vini Sovè a.

Anfen, yo te jwenn rekonpans pou fidelite yo lè Mari ak Jozèf te prezante yo tibebe sa a ki yon jou t ap pran peche limanite sou tèt li.⁵

Kwayan nan pami Nefit ak Lamanit yo.

Nan Liv Mòmmon an nou te jwenn istwa touchan sou fason kwayan nan Nouvo Mond lan t ap tann siy nesans Sovè.

Nou sonje ke yo te ridikilize epi pèsekite moun ki te gen lafwa nan Kris yo. Save nan epòk sa yo te akize kwayan yo ke yo te kenbe tradisyon moun sòt. An fèt, non kwayan yo te sitèlman pale pou ridikilize kwayan yo ke yo te fè “yon gwo soulèvman” nan tout peyi a (3 Nefi 1:7). Yo te moke moun ki te kwè ke Sovè a t ap fèt yo.

Kòlè yo ak raj yo te sitèlman grandi ke yo te vin gen obsesyon pou yo te touye tout moun ki te kwè nan Sovè a, pou fè yo pe yon fwa pou tout. Rezolisyon dramatik sa a ekri nan Liv Mòmmon an.⁶

Kwayan ki te viv nan epòk sa yo te kapab reprezante moun k ap chèche Kris la menm lè lòt moun ap ri yo, moke yo epi pase yo nan betiz. Yo k ap chèche Kris la menm lè lòt moun eseye dekri yo kòm moun ki pa rafine ki inyoran, oubyen nayif.

Men mepri lòt moun pa dekouraje vrè kwayan yo pou anpeche yo chèche Kris la.

Nou chèche Kris la

Pandan ane a, e petèt spesyalman nan sezon nwèl sa a, li t ap benefisye nou ankò pou nou poze kesyon “Kijan mwen ap chèche Kris la?”

Pandan yon peryòd difisil nan lavi l, gran Wa David te ekri, “O Bondye, ou se Bondye m; m ap chèche ou bonè: nanm mwen swaf pou ou, lachè mwen vle ou.”⁷

Petèt atitud sa a pou l te chèche Bondye a se te youn nan rezon ki te fè yo dekri David kòm yon nonm selon kè Bondye.⁸

Pandan sezon Nwèl sa a e pandan tout ane a, se pou-nou chèche Sovè byeneme nou an, Prens Lapè a, Moun Sen Izrayèl la avèk kè nou ak nanm nou. Paske dezi sa a,

nan yon gwo pati, defini non sèlman kiyès nou ye antan-ke manm Legliz Jezikri Pou Sen Dènnye Jou yo men plis toujou kiyès nou ye antanke disip Kris la.

NÒT

1. Lik 2:8.
2. Gade Lik 2:15.
3. Gade Matye 2:1-2.
4. Gade nan Matye 2:11.
5. Gade Lik 2:22-38.
6. Gade 3 Nefi 1.
7. Sòm 63:1.
8. Gade Ak 11:22

ANSÈYMAN KI SOTI NAN MESAJ SA A.

Kijan nou kapab chèche Kris la pi byen, jan Prezidan Uchtdorf sigjere a? Nou kapab ankouraje moun nou anseye yo pou mande tèt yo, “Kijan mwen ap chèche Kris la?” Panse pou envite yo pou yo kòmanse pataje kijan yo chak ap chèche Kris la pandan tan etid ekriti famiyal yo chak jou. Nou ta kapab gade videyo Nwèl ki nan *Mormon.org* la avèk moun nou anseye yo epi envite yo pou yo patisipe nan opòtinite sa a chak ane pou yo chèche Kris la nan suiv ansèyman L yo.

TIMOUN

Veye Jezi

Anpil moun t ap veye e t ap tann pou Jezi te fèt. Kounyeya n ap veye epi n ap tann pou li vini ankò! Nou aprann konsènan Jezi epi suiv li pou nou kapab pare. Kijan nou suiv Jezi? Desine yon etwal epi ekri ide ou andedan l.



Lafwa, Fanmi, Sekou

Dispoze Pou Youn Pote Chay Lòt

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche enspirasyon pou w ka konnen kisa pou w pataje. Kijan konpreyansyon objektif Sosyete Sekou a ap prepare pitit fi Bondye yo pou benediksyon lavi etènèl yo?

Prezidan Thomas S. Monson te di: “Nou antoure ak moun ki bezwen atansyon nou, ankourajman nou, soutyen nou, rekonfò nou, jantiyès nou.” “Nou se men Senyè a isit sou tè a, avèk misyon pou nou sèvi ak ede pitit Li yo. Li konte sou nou chak.”¹

Prezidan Henry B. Eyring, Premye Konseye nan Premye Prezidan la, te di: “Yon gwo chanjman te kòmanse nan kè nou lè nou te rantre nan Legliz la. Nou te fè yon alyans, epi nou te resevwa yon pwomès ki te kòmanse chanje nati nou. . . .

“ . . . Nou te pwomèt pou nou ede Senyè a rann fado [lòt moun] pi lejè pou yo ka rekonfòte. Nou te resevwa pouvwa pou nou ede Senyè a soulaje fado sa yo lè nou te resevwa don Sentepri a.”²

Jean B. Bingham, Prezidan Jeneral Sosyete Sekou a te di: “Nou vle itilize limyè levanjil la pou n gade lòt moun jan Sovè a wè yo—avèk

konpasyon, lesperans, ak charite.” “Yon jou ap vini kote nou pral gen yon konpreyansyon total sou kè lòt moun epi na va rekonesan dèske nou te jwenn mizèrikòd—menmjan nou gen panse ak pawòl charitab pou lòt moun. . . .

“Obligasyon ak privilèj nou se aksepte amelyorasyon nan *tout moun* pandan n ap eseye vin plis tankou Sovè nou an.”³

Lè nou youn pote chay lòt epi nou respekte alyans nou yo, nou ouvri wout la pou Jezikri geri lòt moun. Èldè Jeffrey R. Holland nan Kolèj Douz Apot yo te anseye: “Lè nou konsidere pri enkonpreyansib Krisifiksyon an ak Ekspiyasyon an, mwen pwomèt nou Li pa p vire do L ban nou kounyea. Lè L di pòv nan lespri yo: ‘Vin jwenn mwen an,’ Li vle di Li konnen chemen pou soti a e Li konnen chemen ki mennen anwo a. Li konnen l paske Li te mache sou li. Li konn chemen an paske Li se chemen an.”⁴

Ekriti adisyonèl

Matye 25:40; Galat 6:2;

Mozya 2:17; 18:8-9

NÒT

1. Thomas S. Monson, “Sèvi Senyè a a avèk Lanmou,” *Lyawona*, Fev. 2014, 4.
2. Henry B. Eyring, “Konsolatè a,” *Lyawona*, Me 2015, 18.
3. Jean B. Bingham, “Mwen Ap Mennen Limyè Levanjil la nan Kay Mwen,” *Lyawona*, Nov. 2016, 6, 8.
4. Gade Jeffrey R. Holland, “Bagay ki brize pou ranje,” *Liawona*, Me 2006, 71.

Konsidere sa a

Kijan ede pote chay lòt moun epi respekte alyans nou yo ouvri chemen an pou Jezikri geri sa ki nan bezwen yo?